


# >> Pa touche ak men ki pa gen gan


Kòd Iwa Eta Rhode Island nan sou zafè manje (3-301.11) pa pèmèt men ki pa gen gan touche manje ki pare pou manje. Manje ki pare pou manje dwe sèvi ak plis prekosyon, pa egzanp kuit li yon fason moun ka manje li an sekirite. Pami manje ki pare pou manje yo gen sandwich, salad ak pen. Selon la Iwa, anplaye ki nan biznis manje **dwe** itlize istansil ki apwopriye lè y ap manyen manje ki pare pou manje.




## Istansil ki apwopriye yo se:




Papye deli



Espatil



Pensèt



Fouchèt ak  
Lòt istansil pou  
sèvi



Gan ou ka  
utilize yon sèl  
fwa ki pa *latex*



## Gid pou itlize gan yon sèl fwa

- Pa itlize gan alaplas lave men w!
- Lave men w avan ou mete gan
- Itlize gan pou yon sèl travay, Use gloves for one task only, tankou manyen manje ki pare pou manje
- Lave men w chak fwa w ap chanje gan
- Jete gan yo si yo chire oubyen sal
- Pa itlize gan twal osnon gan ki ka sèvi ankò pou manyen manje ki pare pou manje